

Règleman sou kredi ak rekouvremant lopital Partners HealCare 1ye Janvyè 2020

1. PÒTE.....	3
2. PWOBLEM GOUVENANS.....	3
3. DEKLARASYON PRENSIP.....	3
4. KLASIFIKASYON AK AKSÈ A SWEN.....	4
A. PRENSIP JENERAL.....	4
B. SÈVIS IJAN OSWA PRESAN.....	4
C. SÈVIS KI PA IJAN, KI PA PRESAN.....	5
D. LOKAL KOTE PASYAN YO KA ALE POU JWENN SÈVIS.....	5
5. AKIZISYON AK VERIFIKASYON ENFÒMASYON PASYAN.....	5
A. SÈVIS IJAN OSWA PRESAN.....	6
B. SÈVIS KI PA IJAN, KI PA PRESAN.....	6
6. OTORIZASYON FINANSYE.....	6
A. PRENSIP JENERAL.....	6
B. PREPARASYON ESTIMASYON YO.....	6
C. PASYAN KI GEN ASIRANS.....	7
D. PASYAN KI PA GEN ASIRANS (LI KI PEYE).....	7
E. PASYAN KI GEN REVNI BA (REZIDAN MASSACHUSETTS YO).....	8
F. SITIYASYON ESPESYAL – ÈNSKRIPSYON AK RESPONSABILITE FINANSYE PASYAN AN.....	10
7. SÈVIS KONSÈY FINANSYE.....	11
A. AN JENERAL.....	11
B. KOMINIKASYON DISPONIBILITE SÈVIS KONSÈY FINANSYE YO.....	11
C. EGZIJANS REZIDANS POU PWOGRAM ETA A.....	12
D. APLIKASYON POU PWOGRAM ETA.....	12
E. APWOBASYON POU KOUVÈTI ASIRANS.....	13
F. KONTESTASYON REZILTA.....	13
8. RABÈ, AJISTEMAN AK CHARITY CARE.....	13
A. AN JENERAL.....	13
B. LÒT RABÈ, AJISTEMAN AK CHARITY CARE.....	14
9. BÒDWO POU PASYAN AK REKOUVREMAN.....	14
A. APÈSI.....	14
B. DEKLARASYON PASYAN, LÈT AK APÈL YO.....	15
C. AVI POU SICHAJ.....	16
D. ARANJMAN PEMAN.....	17
E. FAKTIRASYON NAN SITIYASYON ESPESYAL.....	18

Règleman sou kredi ak rekouvremant lopital Partners HealCare 1ye Janvye 2020

10. PLASMAN DÈT KI PA REKOUVRAB.....	19
A. RAPÒ SOU KREDI.....	19
B. LITIJ.....	19
C. POZE SELE	19
D. AJANS REKOUVRAMAN	19
11. BALANS KREDI AK RABOUSMAN.....	20
12. EVÈNMAN GRAV KI KA RAPÒTE (SRE)	20
13. DWA AK RESPONSABILITE PASYAN	20
A. RESPONSABILITE PASYAN.....	20
B. RÈGLEMEN POU NON DISKRIMINASYON	21
14. RAPÒ, KONTRWÒL ENTÈN AK KONFÒMITE AVÈK RÈGLEMEN YO	21
LÒT RÈGLEMEN PARTNERS HEALTHCARE KI APLIKAB:	21
REFERANS:	21

Règleman sou kredi ak rekouvreman lopital Partners HealCare 1ye Janvyè 2020

1. PÒTE

Règleman rekouvreman ak kredi sa la pou kouvri tout antite lopital yo nan Partners HealthCare System, Inc. ("Partners" oswa "PHS"), ansanm ak nenpòt antite ki fè pati lisans lopital ki site a, sa gen ladann: Massachusetts General Hospital (MGH), Brigham and Women's Hospital (BWH), Brigham and Women's Faulkner Hospital (BWFH), Cooley Dickinson Hospital (CDH), Newton-Wellesley Hospital (NWH), Martha's Vineyard Hospital (MVH), McLean Hospital (MH), Nantucket Cottage Hospital (NCH), North Shore Medical Center (NSMC), Wentworth Douglas Hospital (WDH), Spaulding Rehabilitation Hospital Boston (SRH), , Spaulding Hospital for Continuing Medical Care Cambridge (SHC), ak Spaulding Rehabilitation Hospital Cape Cod (SCC), Massachusetts Eye and Ear (MEE), ki nan dokiman sa konnen sou non "Lopital". Sa gen ladann tout doktè ke antite lopital la anplwaye dirèkteman. Anjeneral, tout lòt antite Partners yo konfòme yo ak règleman sa a. Lis konplè afilye founisè yo ap disponib pou revizyon rive 1ye oktòb 2017 selon 101 CMR 613.08(d).

2. PWOBLÈM GOUVÈNANS

Règleman sa a te prepare an konsiltasyon avèk reprezantan chak antite e li fèt pou satisfè bezwen chak antite. Gen zòn, sepandan, kote kondisyon lokal yo ka sipòte yon bezwen pou dispozisyon inik, antite espesifik. Pwovizyon antite espesifik yo dwe resevwa apwobasyon alavans nan men swa (1) Vis Prezidan Egzekitif Finans PHS la oswa (2) Vis Prezidan Operasyon Sik Revni PHS la. Soumisyon Règleman Rekouvreman ak Kredi Lopital la bay Health Safety Net, se PHS Patient Billing Solutions ki pral kowòdone sa avèk nenpòt dokiman jistifikatif oswa pyès ki nesèsè yo.

3. DEKLARASYON PRENSIP

Antite afilye Partners yo se antite ki pa gen taks kote misyon yo se bay sèvis bay tout moun ki ge nesèsite pou swen medikal.

Pasyan yo ki bezwen sèvis presan oswa ijan (jan sa defini nan seksyon 4B a) nan Lopital yo, yo pa dwe refizyè sèvis sa yo akòz kapasite moun nan pou peye. Sepandan, pou lopital Patners yo (sa gen ladann lopital swivi sante avanse ak konpòtmantal yo) pou kontinye bay sèvis bon kalite ak sipòte bezwen kominote a, chak antite gen yon responsablite pou chèche peman rapid pou sèvis yo bay yo.

Règleman sa yo fèt pou ede asire konfòmite avèk règleman ki aplikab nan Eta a nan New Hampshire ak nan Massachusetts ki gen ladan l kritè règleman pou kredi ak rekouvreman dapre MGL c.58 ak règleman ki gen rapò espesyalman ke MA Executive Office of Health and Human Services te pibliye, 101 CMR 614 ak 101 CMR 613 (Health Safety Net), ki refere apre sa kòm "Règleman Eta" yo. Anplis, règleman sa a abòde egzijans pou Manyèl Ranbousman Founisè Medicare la (Pati 1, Chapit 3) Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid yo, Egzijans pou Dèt Medicare ki pa rekouvra yo (42 CFR 413.89 ak Kòd Entèn sou Revni seksyon 501 (r) jan yo mande sa nan seksyon 9007 (a) nan Lwa sou Swen Abòdab ak Pwoteksyon Pasyan Federal (Pub. L. No. 111-148).

Règleman sou kredi ak rekouvremant lopital Partners HealCare 1ye Janvyè 2020

4. KLASIFIKASYON AK AKSÈ A SWEN

A. PRENSIP JENERAL

Tout pasyan yo ki gen yon tretman ki pa pwogram pral evalye dapre klasifikasyon ki nan seksyon sa a. Yo p ap refize oswa retade sèvis lopital presan oswa ijan yo akòz kapasite lopital la pou idantifye yon pasyan, asirans yo oswa kapasite yo pou peye. Sepandan, sèvis swen sante ki pa ijan oswa ki pa presan yo ka retade oswa ranvwaye dapre konsiltasyon an avèk anplwaye klinik lopital la nan ka sa yo lè Lopital la pa kapab detèmine yon sous peman pou sèvis li yo.

Se yon pwofesyonèl medikal ki detèmine ijans tretman an ki asosye avèk sentòm klinik chak pasyan prezante, jan estanda pratik lokal yo detèmine sa, estanda klinik nasyonal ak eta a pou swen ak règleman ak pwosedi anplwaye medikal lopital la. Anplis, tout lopital yo swiv egzijans federal pou Tretman Medikal Dijans ak Lwa sou Travay Aktif (EMTALA) pou fè yon egzamen depistaj medikal pou detèmine si gen yon kondisyon medikal ijan ki egziste. Li enpòtan pou sonje ke klasifikasyon kondisyon medikal pasyan yo se pou rezon jesyon klinik sèlman e klasifikasyon sa yo gen entansyon pou abòde lòd la nan jan doktè yo dwe wè pasyan yo dapre sentòm klinik yo genyen yo. Klasifikasyon sa yo pa reflekte evalyasyon medikal kondisyon medikal pasyan an nan dyagnostik final la.

Detèminasyon ijans medikal la fèt dapre definisyon anba yo:

B. SÈVIS IJAN OSWA PRESAN

Lopital la ap bay sèvis ijan oswa presan kèlkeswa idantifikasyon, kouvèti asirans ak kapasite pasyan an pou li peye.

Sèvis ijan yo gen ladann:

Sèvis ki nesèsè medikalman yo ki bay apre yon kondisyon medikal parèt, swa fizik oswa mantal, ki parèt poukont li atravè sentòm grav ki gen ladann doule grav, ke yon senp moun pridan ki gen konesans mwayen sou sante ak medsin ta ka wè ke absans yon swen medikal imedyat ka lojikman lakòz sante moun nan oswa yon lòt moun vin konpwomèt, pwoblèm grav nan fonksyonman kò a oswa move fonksyonman grav nan nenpòt ògàn nan kò a oswa pati oswa an rapò ak yon fanm ansent, jan sa defini nan atik 1867(e) (1) (B) Lwa Sekirite Sosyal la, 1867(e) (1) (B) Yon egzamen depistaj medikal ak yon tretman pou kondisyon medikal ijan oswa nenpòt sèvis parèy ki te bay nan nivo ki te egzije a an konfòmite ak EMTALA (42 USC 1395(dd) kalifye kòm Swen Dijans.

Sèvis ijan yo gen ladann:

- *Sèvis yon pwofesyonèl medikal lisansye detèmine ki se yon ijans.*
- *Swen medikal pou pasyan entèn ki asosye ak swen ijans pou pasyan ekstèn; ak*
- *Transfè pasyan entèn soti nan lopital swen avanse pou ale nan yon lopital PHS pou bay swen pou pasyan entèn ki pa te disponib la.*

Sèvis presan yo gen ladann:

Sèvis ki nesèsè pou kòz medikal ki te bay apre yon kondisyon medikal te parèt sibatman, swa fizik oswa mantal, ki parèt poukont li atravè sentòm avanse ki montre li ase grav (sa gen ladann doule grav) ke yon senp moun pridan kwè ke pa jwenn atansyon medikal nan entèval 24 èdtan ka nòmalman atann rezilta: mete sante pasyan an an konpwomi, pwoblèm nan fonksyonman kò a

Règleman sou kredi ak rekouvremant lopital Partners HealCare 1ye Janvyè 2020

oswa move fonksyònman nan ògán oswa pati nan kò a. Sèvis presan yo te bay pou kondisyon ki pa menase lavi e ki pa poze yon gwo risk pou domaj grav nan sante moun nan.

C. SÈVIS KI PA IJAN, KI PA PRESAN

Sèvis ki pa ijan, ki pa presan yo kapab jeneralman sou-klasifye kòm swa:

"Sèvis opsyonèl": Sèvis ki nesèsè medikalman yo ki pa satisfè definisyon sèvis ijan oswa presan. Pasyan an espesyalman, men pa sèl sa, pwograme sèvis sa yo alavans.

"Lòt sèvis": Sèvis kote nesèsite medikal yo pa te demontre nan kad revizyon klinisyen an.

"Swen suivi avanse": Sèvis ki nesèsè medikalman yo nan yon lopital ki klase kòm swen swivi avanse, sa gen ladann sèvis reyabilitasyon yo.

"Sèvis sante konpòtmantal": Sèvis ki nesèsè medikalman yo ki bay nan yon kantite anviwònman ki konsantre sou sante sikolojik ak mantal pasyan an.

Lopital la ka refize bay yon pasyan sèvis ki pa ijan, ki pa presan nan ka sa yo lè lopital la pa rive detèmine ke peman yo ap fèt pou sèvis li yo. Sèvis yo detèmine ki pa nesèsè medikalman yo ka ranvwaye pou yon dat ki pa defini jiskaske gen aranjman konvnan pou peman ki ka fèt. Sa yo gen ladann, men yo pa limite a: chiriji plastik; sèvis sosyal, edikasyon, ak pwofesyonèl; sèvis tele-sante ak vizit elektwonik; tretman ki gen rapò ak operasyon pou re-asiyen sèks, ak terapi òmòn anvan operasyon; sèvis yo bay nan tout sant rezidansyèl espesyalize nan McLean Hospital kote yo pa soumèt reklamasyon bay konpayi asirans yo.

D. LOKAL KOTE PASYAN YO KA ALE POU JWENN SÈVIS

Tout pasyan yo ka chèche sèvis ijan ak sèvis swen presan lè yo ale nan departman dijans lopital la oswa nan zòn swen presan ki deziyen yo. Sepandan, pasyan ki gen kondisyon ijan ak presan yo ka ale tou nan yon seri lòt kote, tankou men pa limite ak Labor and Delivery (akouchman), departman oksilyè yo, klinik lopital yo ak lòt zòn. Lopital la bay tou lòt sèvis opsyonèl nan sant prensipal la, sant sante kominotè afilye yo, klinik yo ak lòt lokal pou pasyan ekstèn.

5. AKIZISYON AK VERIFIKASYON ENFÒMASYON PASYAN

Lopital la pral fè gwo efò pou byen idantifye tout pasyan epi jwenn, dosye ak verifye enfòmasyon demografik ak finansye konplè yo pou chak pasyan k ap chèche swen. Enfòmasyon pou jwenn yo ap gen ladann enfòmasyon demografik (tankou non pasyan, adrès, nimewo telefòn, nimewo sekirite sosyal si sa aplikab, sèks, dat nesans ak idantifikasyon pasyan ki aplikab), ak enfòmasyon asirans sante (ki gen ladann non ak adrès, enfòmasyon abònè a ak enfòmasyon benefis tankou kantite ko-peman, dediktib ak ko-asirans) ki sifi pou asire peman pou sèvis yo. Egzijans pou lopital la jwenn enfòmasyon konplè ap toujou modere dapre kondisyon pasyan an, avèk bezwen swen sante medikal imedyat pasyan an ki ap pran priyorite.

Se obligasyon pasyan an pou bay asirans konplè ak alè ak enfòmasyon demografik yo epi konnen ki sèvis règleman asirans la kouvri.

Règleman sou kredi ak rekouvremant lopital Partners HealCare 1ye Janvyè 2020

A. SÈVIS IJAN OSWA PRESAN

Enskripsyon ak admisyon pasyan pou swen ijan ak presan yo pral fèt an akò avèk egzijans EMTALA a. An jeneral, enfòmasyon demografik ak asirans pasyan an dwe kolekte pi vit sa posib; koleksyon enfòmasyon yo dwe ranvwaye, sepandan, lè koleksyon enfòmasyon sa ka retade tès depistaj medikal oswa gen enpak negatif sou kondisyon klinik pasyan an. Kote yon pasyan pa kapab bay asirans oswa enfòmasyon demografik nan moman sèvis la e konsantman pasyan yo, yo dwe fè tout efò pou yo fè entèvyou ak zanmi oswa fanmi ki ka akonpaye oswa pasyan li menm ka idantifye. Kote sa nòmal, enfòmasyon asirans pasyan an bay la dwe konfime ak moun ki peye a atravè yon sit entènèt peyè oswa yon echanj done elektwonik (EDI).

B. SÈVIS KI PA IJAN, KI PA PRESAN

Enskripsyon ak admisyon pasyan ki pa ijan/ki pa presan yo dwe fèt anvan yo bay sèvis yo. Pasyan ki retounen oswa etabli yo pral gen tou enfòmasyon demografik, finansye ak asirans yo ki revize ak mete ajou jan sa nesèsè, sa gen ladann kote ki aplikab, verifikasyon kondisyon asirans yo a atravè EDI oswa lòt metòd ki disponib yo.

6. OTORIZASYON FINANSYE

A. PRENSIP JENERAL

Lopital la fè gwo efò pou detèmine responsabilite finansye pasyan an osito sa posib pandan peryòd swen pasyan an. Lè sa posib, lopital la pral kolekte montan ko-peman, dediktib, ko-asirans yo oswa depo ki obligatwa yo anvan yo bay nenpòt sèvis la. Pasyan, ki se manm plan swen sante ki jere yo, oswa plan asirans ki gen egzijans aksè espesifik, yo responsab pou konprann ak konfòme yo avèk tout egzijans plan asirans yo, tankou rekòmandasyon yo, otorizasyon yo oswa lòt restriksyon nan 'rezo' yo. Lopital la pral mande nenpòt ki pre-apwobasyon, otorizasyon oswa garanti peman nesèsè nan men konpayi asirans la nenpòt lè sa posib. Nan kèk sikonstans, ki gen ladann bay sèvis ijan oswa presan, rekòmandasyon sa yo ak otorizasyon yo ka pran plas apre yo fin bay sèvis la. Tout pasyan ki gen yon balans pou sèvis yo, y ap enfòme yo sou disponiblite sèvis konsèy finansye pou ede yo nan ranpli responsabilite finansye yo nan Lopital la. Lopital la pral fè tout efò li pou konseye tout pasyan yo sou nenpòt reponsabilite finansye ki enpòtan anvan yo ba yo sèvis la nan mezi enfòmasyon sa disponib nan lopital la. Ap gen tès depistaj konstan avèk EMTALA ki pral fèt anvan aktivite pou detèmine responsabilite finansye pasyan an.

B. PREPARASYON ESTIMASYON YO

Lopital la ap fè yon estimasyon bay pasyan yo 2 jou apre dat yo fè demann nan. Estimasyon an pral fèt sou baz enfòmasyon ki disponib aktyèlman, anjeneral, selon modil ki nan sistèm faktirasyon an. Depatman espesifik ki responsab pou bay estimasyon yo ap varye dapre lokal la men an jeneral enplike kèk oswa tout nan sa ki annapre yo: Aksè pasyan, konsèy finansye, bòdwo pasyan ak solisyon pou bòdwo pasyan.

. Estimasyon final la pral jwenn pasyan an ansanm ak opsyon peman yo.

Règleman sou kredi ak rekouvremant lopital Partners HealCare 1ye Janvyè 2020

C. PASYAN KI GEN ASIRANS

Lopital la ap fè tout efò pou verifye kondisyon asirans pasyan an e ede pasyan an konfòme li ak egzijans plan asirans sante li a. Verifikasyon sa ap fèt an akò ak prensip ki te dekri anvan sa nan seksyon 5 la. Nenpòt lè sa posib, verifikasyon sa ap gen ladann yon desizyon sou responsabiltè finansye y ap atann de pasyan an, sa gen ladann ko-asirans, dediktib ak ko-peman ki aplikab yo. Kote sa posib e apwopriye klinikman, y ap mande pasyan an peman nenpòt montan ki pre-detèmine a (ko-peman, dediktib fiks) oswa nan lè y ap bay sèvis la. Nan pifò ka yo, plan asirans pasyan an ak kalite kouvèti asirans la ka pa otorize yon detèminasyon egzak responsabiltè finansye pasyan an pou sèvis yo nan moman enskripsyon an. Nan ka sa yo, lopital la ka mande yon depo ki egal ak pi bon estimasyon yo atann de responsabiltè finansye pasyan an. Pasyan yo ki pa kapab fè peman an, yo ka refere yo pou ale nan konsèy finansye.

- 1) Plan asirans ki gen kontra. Lopital la fè kontra ak yon seri plan asirans. Nan ka sa yo, lopital la pral chèche peman nan men plan asirans la pou tout sèvis ki kouvri yo. Demann peman pasyan an pou tout montan ko-peman, dediktib ak ko-asirans yo ap fèt anvan yo bay sèvis la. Si konpayi asirans la fè konnen gen yon sèvis patikilye ki pa kouvri oswa li rejte peman an, y ap chèche jwenn peman pou sèvis sa dirèkteman nan men pasyan an an akò ak kontra asirans apwopriye a. Nenpòt lè sa posib, lopital la pral ede pasyan an nan konteste refi yo oswa jijman defavorab yo avèk plan asirans yo nan rekonèt ke plan asirans la souvan mande pou kontestasyon sa yo se pasyan ki fè yo.
- 2) Plan asirans ki pa gen kontra. Lopital la pral etann koutwazi li nan voye bòdwo bay asirans yon pasyan nan ka sa yo kote lopital la pa gen yon kontra ak konpayi asirans la. Pandan ke lopital la pral voye bòdwo bay plan asirans pasyan an, responsabiltè finansye final la rete nan men pasyan an oswa garan an ak echèk konpayi asirans lan pou reponn a bòdwo lopital la nan yon tan apwopriye ka lakòz pasyan an resevwa bòdwo dirèkteman pou sèvis yo sof nan ka sa yo kote pasyan an pwoteje kont aksyon rekouvremant yo (Seksyon 9.B.3). Balans ki rete apre nenpòt peman asirans la pral jwenn pasyan an kòm bòdwo. Nenpòt lè sa posib, lopital la pral ede pasyan an nan konteste refi yo oswa jijman kontrè yo avèk plan asirans yo nan rekonèt ke plan asirans la mande pou kontestasyon sa yo se pasyan ki fè yo.

D. PASYAN KI PA GEN ASIRANS (LI KI PEYE)

Pasyan ki pa gen asirans sante, epi yo pa te deja detèmine pou yo apwouve pou èd finansye oswa yo se pasyan ki gen revni ki ba jan sa dekri pi lwen nan seksyon 6 (E) pi ba a, yo pral mande yo bay yon depo alavans pou sèvis EMTALA pa egzijè ki dwe fèt. Depo a pral egal a 100% frè yo estime pou sèvis yo dwe bay la, mwens nenpòt ki rabè a (gade Seksyon 8 la). Nan ka sa yo, kote yon estimasyon egzak frè yo pa posib, lopital la ka kolekte yon montan depo ki detèmine alavans oswa otreman asire garanti peman an. Si pasyan an pa bay depo a oswa endike yon enkapasite pou peye depo a, lè sa a yo ka refere pasyan an bay konsèy finansye. Tout pasyan yo pral jwenn enfòmasyon sou nenpòt pwogram rabè lopital ki disponib pou yo. Rezidan nan ki pa gen asirans yo pral ofri konsèy finansye pou detèmine kalifikasyon yo pou nenpòt nan pwogram eta a oswa lòt pwogram gouvènman an finanse ki disponib yo, epi pou ede pasyan an aplike pou pwogram sa yo. Pwogram eta gen ladann, men pa limite ak: MassHealth, ConnectorCare, Children's Medical Security Plan, Health Safety Net ak nenpòt lòt pwogram ke yo ka ofri atravè Health Connector alavni. Konseye finansye yo pral ede pasyan yo nan aplike pou pwogram asirans ki pa sibvansyone

Règleman sou kredi ak rekouvremant lopital Partners HealCare 1ye Janvyè 2020

ki ofri atravè Health Connector (Plan sante ki kalifye yo). Si pa gen okenn bezwen imedyà pou bay sèvis yo, admisyon an oswa sèvis pou pasyan ekstèn yo ka ranvwaye oswa anile jiskaske lè kote pasyan an kapab peye, fè aranjman finansye apwopriye, jwenn asirans oswa vin enskri nan yon pwogram èd finansye ki ap kouvri sèvis la.

E. PASYAN KI GEN REVNI BA (REZIDAN MASSACHUSETTS YO)

- 1) Definisyon ak kalifikasyon: Pasyan ki gen revni ba yo defini kòm moun ki reponn ak kritè yo ki nan MA 101 CMR 613.04 (1). Sa a jeneralman gen ladann pasyan ki rezide nan Massachusetts ki te aplike pou kouvèti asirans avèk EOHHS epi ki gen yon MA MAGI ki verifiye e egal ak oswa mwens pase 300% nan Gid Federal kont Povrete a (FPG). Y ap verifiye kondisyon kalifikasyon yon pasyan pou kouvèti asirans nan kad nenpòt pwogram (MassHealth, Health Safety Net ak CMSP anba 300%) nan moman enskripsyon an nan itilize sistèm biwo MA MMIS Medicaid la, TriZetto oswa lòt sistèm enskripsyon lopital la, jan sa aplikab, ak nenpòt chanjman nan kondisyon pasyan an pral note nan dosye a. Limitasyon yo endike nan seksyon sa a pou pasyan ki gen revni ki ba obligatwa pou sèvis yo nan lopital pou swen avanse nan Massachusetts epi yo jeneralman eskli sèvis nan etablisman afilye, lopital nan New Hampshire, lopital McLean ak rezo Rehabilitasyon Spaulding. Rabè pou sèvis nan antite sa yo enkli nan rabè pou pasyan ki pa gen asirans ak Règleman sou Èd Finansye.
- 2) Limit nan sèvis yo: Pasyan yo ki idantifye kòm pasyan ki gen revni ba yo pral, nan mezi posib, jwenn sèvis ki konsistan avèk direktiv kouvèti asirans la nan swa HSN oswa MassHealth sa gen ladann limit "Sèvis ki kalifye" nan kad règleman eta ak fòmil medikaman ki aplikab la. Yon pasyan k ap chèche resevwa yon sèvis ki "Pa kalifye" pral jwenn enfòmasyon alekri sou pri maksimòm sèvis sa a epi yo dwe siyen yon rekonesans ke yo aksepte yo se responsab finansye a anvan yo jwenn sèvis la. Lis pwogram pasyan ki kalifye pasyan yo kòm "Revni ba" se nan 9 B (3) - Pasyan ki pwoteje kont aksyon rekouvremant yo.
- 3) HSN Medical Hardship: Yon rezidan Massachusetts ki gen nenpòt nivo revni ka kalifye pou HSN Medical Hardship si depans medikal admisib pou yo depase revni fanmi an pi lwen pase kapasite yo pou peye pou sèvis ki kalifye yo. Pwogram retwospektiv sa a se pou chak règleman, limite nan pòte li, se yon detèminasyon yon sèl fwa epi li pa yon kategori kouvèti asirans (101 CMR 613.05). Pwogram sa ka sèlman aplike pou swivi apre sèvis ki bay yo lè pasyan gen yon responsablite finansye.
 - (a) Kalifikasyon depans yo: Kalite ak kantite depans medikal ki admisib yo presize nan 101 CMR 613.05. Bòdwo ki peye ak ki pa peye yo avèk sèvis ki gen 12 mwa anvan dat aplikasyon an gendwa soumèt avèk yon limit 2 aplikasyon nan yon peryòd 12 mwa.
 - (b) Pwosesis aplikasyon: Lopital la pral ede pasyan an nan rekouvremant tout enfòmasyon ki aplikab yo epi pral soumèt aplikasyon Medical Hardship yo bay HSN pou revizyon ak apwobasyon Pasyan yo gen responsablite pou kolekte epi soumèt dokiman pou tout depans medikal ki kalifye yo. Lopital la gen obligasyon pou soumèt aplikasyon bay HSN nan entèval 5 jou apre yo fin resevwa tout dokiman ak verifikasyon ki soti nan men pasyan an.

Règleman sou kredi ak rekouvremant lopital Partners HealCare 1ye Janvyè 2020

- (c) Detèminasyon: HSN pral detèmine kalifikasyon pasyan an pou pwogram lan epi li pral notifiye lopital la sou ki bòdwo ki se responsablite pasyan an epi ki bòdwo yo ka soumèt bay HSN. Detèminasyon Medical Hardship la limite a bòdwo sa yo ki te fè pati aplikasyon an. Pa gen okenn peryòd kalifikasyon e bòdwo yo ka itilize sèlman yon fwa pou sipòte yon aplikasyon.
 - (d) Pwoteksyon kont rekouvremant: Tout aksyon rekouvremant pral sispann pou tout balans yo ke HSN detèmine ki kalifye pou asirans nan Medical Hardship la. Sa a gen ladann balans ki ka asiye bay yon ajan ekstèn oswa ajans rekouvremant k ap travay nan non lopital la. Si yon lopital pa soumèt yon aplikasyon nan 5 jou apre li fin resevwa tout verifikasyon ki soti nan men pasyan an, lè sa a tout balans ki ka kalifye nan kad Medical Hardship yo pwoteje kont aksyon rekouvremant yo.
- 4) Responsablite finansye pasyan ki gen revni ba
- (a) Responsablite finansye pou yon pasyan ki gen revni ba limite a ko-peman (ki soti kay nenpòt ki moun ki ap peye sof Medicare), dediktib HSN detèmine yo oswa yon CommonHealth Spend Down ki bay nan dènye ka a ke pasyan an te dakò yo ka voye bòdwo pou CommonHealth Spend Down.
 - (b) Ko-peman famasi: Pasyan ki gen revni ba ki depase 18 an responsab pou ko-peman pou sèvis famasi yo. An akò avèk règleman jeneral yo, yo pral mande ko-peman yo nan moman sèvis yo. Yo pral trete ko-peman ki poko fèt yo yo kòm yon responsablite pasyan epi y ap kolekte yo an akò avèk pwosesis rekouvremant moun nan gen pou peye a nòmalman. Gen yon montan maksimòm anyèl \$250 sou ko-peman famasi yo.
 - (c) Depo pou pasyan ki gen revni ba yo ki deziyen kòm HSN pasyèl oswa Medical Hardship: Y ap mande pasyan sa yo depo yo piske se kouvèti asirans prensipal la pou balans ki louvri yo pou tout sèvis nesèsè medikalman ki pa ijan oswa ki pa presan. Y ap revize sitiyasyon aktyèl dediktib anyèl fanmi an pou pasyan an ak yon depo ki rive jiska 20% nan dediktib anyèl pasyan an, oswa kontribisyon Hardship, jiska yon maksimòm \$500 ke yo ka kolekte nan men pasyan an.
 - (d) Plan peman: Pasyan ki gen revni ba yo pral avize sou disponiblite plan peman yo pou satisfè tout balans ki louvri yo pou tèm ki presize nan Seksyon 9 D 4).
 - (e) Sèvis ki pa kalifye: Pasyan ki gen revni ba yo pral oblije peye pou nenpòt sèvis ki pa kalifye, sa gen ladann, men pa limite ak Sèvis Enfètèl, Tele-Sante, Sante elektwonik, Sèvis Chiriji oswa sèvis podoloji ki pa medikalman nesèsè, alavans, depi pasyan an enfòmè de pri maksimòm sèvis sa yo alavans epi siyen yon rekonesans ke HSN oswa nenpòt lòt pwogram èd nan Massachusetts pa kouvri sèvis yo. Sèvis yo pral ranvwaye jiskaske peman an fèt dapre direktiv yo nan 4 A.
- 5) Responsablite Finansye pou Pasyan ki gen Revni ki Ba - Lopital pou Sante Konpòtmantal ak Reyabilitasyon - Responsablite finansye pou sèvis sa yo kouvri nan Règleman sou Èd Finansye ak Pasyan ki pa gen Asirans lan.
- 6) Detèminasyon Eitati ki ann Atant yo: Anjeneral, pasyan kote lopital la te soumèt yon aplikasyon pou yon pwogram eta oswa lòt pwogram gouvènman an finansye pral gen bòdwo ki te an retni pou jiska 30 jou an atant detèminasyon. Apre 30 jou y ap trete kòm peman moun nan gen pou peye jiskaske gen yon detèminasyon ki fèt. Yon konseye finansye ka

Règleman sou kredi ak rekouvremant lopital Partners HealCare 1ye Janvyè 2020

anile egzijans pou depo yo ki an atant yon detèminasyon ke aplikasyon yon pasyan ranpli nèt e ap tann apwobasyon.

F. SITIYASYON ESPESYAL – ENSKRIPSYON AK RESPONSABILITE FINANSYE PASYAN AN

Nan kèk sikonstans, li ka nesèsè pou bay enfòmasyon oswa pwosedi anplis pou sipòte tretman reklamasyon pasyan an.

- 1) Konpansasyon travayè: Sèvis ki gen rapò ak aksidan endistriyèl yo dwe mansyone kòm sadwa nan dosye enskripsyon an. Lòt enfòmasyon ki nesèsè yo gen ladann dat ak lè aksidan an, non anplwayè ak nimewo telefòn, ak konpayi asirans konpansasyon travayè anplwayè a ak nimewo telefòn. (Gade 10, F, 4 konsènan soumèt reklamasyon yo bay konpayi asirans konpansasyon travayè yo anvan HSN soumèt.)
- 2) Aksidan machin a motè (MVA) ak responsablite tyès pati: Sèvis ki asosye avèk yon aksidan machin a motè oswa responsablite yon tyès pati ta dwe make kòm sadwa nan dosye enskripsyon an. Gwo efò pral fèt pou kolekte enfòmasyon anplis ki nesèsè pou soumèt reklamasyon MVA yo sa gen ladann dat ak lè aksidan an, lokal pou ka responsablite tyès pati a ak nenpòt konpayi asirans otomobil ki rekoni eksepte nan New Hampshire kote Lopital la pa gen dwa soumèt reklamasyon bay konpayi asirans MVA. Non nenpòt avoka ki asosye ak reklamasyon an dwe note tou nan sistèm enskripsyon an si li disponib. (Gade 10, F, 3 konsènan soumèt reklamasyon bay konpayi asirans pou responsablite MVA nan MA anvan w soumèt li bay HSN.) Nan NH, reklamasyon an pral fèt ansanm ak asirans medikal pasyan an oswa voye voye fakti a dirèkteman bay pasyan an selon enstriksyon pasyan an. Sèvis yo faktire pasyan an pou yon MVA ka gen rabè ladan l.
- 3) Viktim krim vyolan (MA): Sèvis ki asosye ak viktim krim vyolan yo ta dwe make kòm sadwa nan dosye enskripsyon an, avèk lè ak kote ensidan an. Nan kèk ka, gen kèk lajan ki disponib nan biwo Pwokirè Jeneral la pou konpanse depans medikal ke asirans medikal oswa Health Safety Net la pa kouvri. Lè yo endike sa, yo ta dwe refere pasyan yo bay konsèy finansye pou fini dokiman apwopriye a pou konpansasyon nan men viktim lajan pou krim vyolan yo.
- 4) HITECH (Teknoloji Enfòmasyon sou Sante pou Lwa Sante Ekonomik ak Klinik 2010 la) bay pasyan yo dwa yo nan moman sèvis la pou mande PHI yo a (Enfòmasyon Sante Pasyan) konsènan yon atik oswa sèvis espesifik ki pa te ale jwenn asirans sante yo pou rezon peman. Pasyan an espere peye nenpòt balans ki poko peye a an yon sèl kou nan moman sèvis la oswa lè li resevwa fakti. HITECH sèlman pèmèt pasyan an pou pa voye bòdwo bay asirans la. Li pa refize responsablite finansye pasyan an pou peman kont yo. Kont yo dwe te note pou chak pwosedi pou veye kont liberasyon ki pa apwopriye.
- 5) Aplikasyon konfidansyèl HSN: Aplikasyon konfidansyèl yo ka soumèt nan de kalite sikonstans.
 - (a) Minè: Yo ka soumèt aplikasyon konfidansyèl pou minè ki vini pou sèvis planifikasyon famiyal ak sèvis ki gen rapò ak maladi transmisib seksyèlman. Aplikasyon sa yo ka trete

Règleman sou kredi ak rekouvremant lopital Partners HealCare 1ye Janvyè 2020

nan kad revni minè a san okenn konsekans sou revni fanmi an. Pasyan sa yo dwe refere pou konsèy finansye.

(b) Moun ki maltrete oswa sibi abi: Moun sa yo ka aplike tou pou kouvèti HSN sou baz revni endividyèl yo. Pasyan sa yo ka jwenn apwobasyon pou tout sèvis HSN kouvri. Pasyan sa yo dwe refere pou konsèy finansye.

- 6) Moun ki pa gen papyè. Pasyan yo ka enkyete konsènan enplikasyon imigrayon nan aplike pou estati pasyan ki gen revni ba. Pasyan ki gen mwayen limite yo dwe ankouraje aplike pou yon pwogram eta oswa lòt pwogram gouvènman an finansye. Si pasyan yo kontinye eksprime enkyetid, pasyan yo dwe refere bay yon ajans ekstèn pou jwenn konsèy. Pasyan yo ki refize aplike pou èd ap kontinye trete kòm moun k ap peye yo menm. Sèvis presan ak ijan yo (sa gen ladann jiska de semèn medikaman ki obligatwa pou reponn a menas imedyat nan sante pasyan an) dwe kontinye bay. Sèvis ki pa presan, ki pa ijan yo ka ranvwaye oswa anile jiskaske lè tankou pasyan an kapab peye, fè aranjman finansye apwopriye, jwenn asirans oswa vin enskri nan yon pwogram èd finansye ki pral kouvri sèvis la.
- 7) Etid rechèch: Sèvis ki gen rapò ak etid rechèch yo dwe mansyone nan moman enskripsyon pou sèvis sa a e make pou asire ke frè sèvis sa yo soumèt bay fon rechèch ki deziyen an.
- 8) Donatè ògàn: Lopital la pral idantifye donatè ògàn yo nan moman sèvis la epi asire ke reklamasyon pou sèvis sa yo aplike bay asirans apwopriye a oswa lòt sous finansman.
- 9) Pasyan entènasyonal: Anplis de swiv pwosedi ki endike pou pasyan ki gen asirans ak sa ki pa gen asirans yo, lopital la ap fè tout efò rezonab pou rasanble enfòmasyon lokal ak enfòmasyon adrès pèmanan pou rezidan peyi etranje yo, epi poze tout aksyon ki apwopriye yo bezwen pou ka sekirize peman alavans pou tout sèvis moun ki pa gen asirans yo.

7. SÈVIS KONSÈY FINANSYE

A. AN JENERAL

Lopital la pral chèche idantifye pasyan ki ka san asirans oswa ki gen asirans pasyèl pou yo ka bay konsèy ak èd. Lopital la ap bay konsèy finansye pou pasyan sa yo ak fanmi yo, tankou evalyasyon pou kalifikasyon pou lòt sous kouvèti asirans, tankou pwogram eta a ak lòt pwogram gouvènman an (sa gen ladann nan nivo sa posib, pwogram Medicaid nan eta ki pa Massachusetts oswa New Hampshire) epi bay enfòmasyon sou tout metòd peman ki akseptab pou peman bòdwo lopital la. Lopital la pral ankouraje pasyan ki kalifye pou kouvèti asirans nan pwogram eta yo oswa lòt pwogram gouvènman an pou aplike pou kouvèti asirans epi dwe ede pasyan an nan aplike pou benefis yo. Rezidan MA yo ka aplike tou epi jwenn apwobasyon nan men HSN la pou ko-asirans oswa dediktib ke plan asirans prensipal yo a pa kouvri.

B. KOMINIKASYON DISPONIBILITE SÈVIS KONSÈY FINANSYE YO

Lopital la ap afiche yon avi (pano) sou disponiblite pwogram èd finansye yo epi dekri ki kote pou ale pou jwenn èd nan lokal annapre yo:

Règleman sou kredi ak rekouvremant lopital Partners HealCare 1ye Janvyè 2020

1. Pasyan entèn, klinik, depatman ijans ak zòn admisyon ak oswa/enskrripsyon nan sant sante kominotè yo.
2. Zòn atant pou konsèy finansye
3. Sant admisyon/enskrripsyon santral ki ouvri pou pasyan yo
4. Zòn datant biwo dafè a ki ouvri a pasyan yo

Pano yo pral tradui nan lòt lang yo nan nivo ke lang lan se lang prensipal plis pase 10% rezidan nan sèvis lopital la. Pano yo jeneralman ap afiche nan lang angle ak espayòl. Pano ki afiche yo pral vizib klèman ak lizib pou pasyan yo k ap vizite zòn sa yo. Afich la ap gen ladann tou enstriksyon sou aksè ak sèvis tradiksyon pou pasyan ki gen lòt bezwen lang.

Yo pral bay tout pasyan yo avi estanda nan moman premye enskrripsyon yo avèk Partners HealthCare. Avètisman sa yo pral disponib tou nan tout lopital ak sant sante yo epi yo ofri yo regilyèman pou pasyan ki deja egziste yo chak fwa yo atann yo pou yo gen yon responsablite nan depanse pwòp kòb pòch yo. Kopi konplè règleman sa a ak règleman PHS èd finansye sou rabè pou pasyan ki san asirans yo pral disponib tou pou pasyan yo jan sa nesèsè. Tou de règleman yo pral afiche sou entènèt la nan www.partners.org/patientbilling avèk lyen ki mennen nan paj dakèy tout antite lopital yo nan kote ki fasil pou idantifye.

C. EGZIJANS REZIDANS POU PWOGRAM ETA A

Kalifikasyon pou pifò pwogram eta yo jeneralman limite pou pasyan ki ka demontre rezidans nan Eta a. An jeneral, pasyan ki te tanporèman deplase pou sèl objektif ki se resevwa benefis swen sante pa satisfè egzijans rezidans yo. Lopital la ap travay avèk pasyan ki gen revni limite ki pa kalifye pou pwogram Eta a pou idantifye lòt altènativ yo ak konseye yo sou responsablite yo.

D. APLIKASYON POU PWOGRAM ETA

Lopital la ede pasyan an nan ranpli aplikasyon an pou yon pwogram eta epi sekirize ak soumèt dokiman pwogram eta aplikab la mande. Moun yo aplike pou kouvèti asirans atravè yon sèl aplikasyon inifòm ki soumèt nan sistèm enskrripsyon eta a (hCentive). Atravè pwosesis sa a, moun nan ka soumèt yon aplikasyon atravè yon sit entènèt (ki prensipalman twouve li sou sit entènèt Health Connector eta a), yon aplikasyon papye, oswa nan telefòn la ak yon reprezantan sèvis kliyan ki twouve li nan MassHealth oswa Health Connector. Dokiman ki nesèsè yo ka gen ladann, men pa limite ak prè: (1) revni anyèl nan kay la (fich peman, dosye peman sekirite sosyal, ak yon lèt ki soti kay anplwayè a, deklarasyon enpo oswa atestasyon bankè), (2) sitwayènte ak idantite, (3) kondisyon imigrasyon pou moun ki pa sitwayen (si sa aplikab), ak (4) byen moun sa yo ki gen 65 an oswa plis pase sa. Eta a ap avèti pasyan an de nenpòt ki dokiman ki dwe soumèt pou dènye verifikasyon an. Pasyan an ka resevwa kouvèti asirans pwovizwa si direktiv pwogram aplikab yo satisfè.

- 1) Soumèt yon aplikasyon pou yon pwogram eta. Tout aplikasyon pou yon pwogram eta, sa gen ladann papye ak aplikasyon sou entènèt yo pasyan oswa reprezantan legal yo dwe siyen yo. Verifikasyon yo dwe soumèt sèlman apre aplikasyon an fin trete epi eta a mande dokiman yo. Pandan pwosesis aplikasyon an, pasyan yo pral enfòm ke HSN ka rapòte detay sou itilizasyon HSN pasyan an bay anplwayè pasyan an. Divilgasyon sa a se yon pati nan aplikasyon pwogram eta a.

Règleman sou kredi ak rekouvremant lopital Partners HealCare 1ye Janvyè 2020

- 2) Detèminasyon kalifikasyon. Se biwo Medicaid ki revize ak trete tout aplikasyon pwogram eta yo ki itilize Direktiv Federal sou Povrete yo ansanm ak dokiman ki nesèsè ki dekri ki anlè a kòm baz pou detèmine kalifikasyon pou tout pwogram eta yo.
- 3) Fini yon aplikasyon Medical Hardship. Se lopital la ki ranpli aplikasyon sikonstans espesyal yo deziyen yo epi soumèt li bay HSN atravè sistèm INET pou detèminasyon yo.
- 4) Notifikasyon responsablite pasyan. Konseye finansye yo pral fè pi bon efò pou yo notifiye nenpòt pasyan HSN de responsablite yo jan sa dekri nan 13 A ki gen ladann egzijans pou rapòte nenpòt benefis oswa ranbouse HSN pou nenpòt rekiperasyon tyès pati ke yo ka resevwa.

E. APWOBASYON POU KOUVÈTI ASIRANS

Lopital la pa gen okenn wòl nan detèminasyon kalifikasyon pwogram biwo Medicaid MA oswa NH Medicaid Program fè, men sou demann pasyan an li ka pran yon wòl dirèk nan fè apèl oswa chèche enfòmasyon ki gen rapò ak desizyon kouvèti asirans yo. Biwo Eta a ap voyetout avi kalifikasyon yo. Se responsablite pasyan an pou enfòmasyon lopital la de tout desizyon kouvèti asirans ke Eta a fè pou asire jiman egzat ak alè bòdwo lopital la.

F. KONTESTASYON REZILTA

Pasyan yo ka mande yon revizyon detèminasyon an nan pwogram Eta a ki la pou sa konsènan stati yo a. Demann lan dwe ale nan biwo Medicaid avèk dokiman sipò yo. Demann pou enfòmasyon anplis ki fèt nan lopital la pral ranpli nan entèval 30 jou.

8. RABÈ, AJISTEMAN AK CHARITY CARE

A. AN JENERAL

Lopital la ka pwolonje rabè oswa lòt ajisteman pou pasyan yo si yo kalifye nan kad règleman rabè pou pasyan ki pa asire nan PHS ak règleman èd finansye, oswa sou yon baz ka pa ka, depi Chèf Finansye lopital la, Vis Prezidan Operasyon Sik Revni PHS yo, Direktè Solisyon Bòdwo Pasyan nan PHS oswa reprezantan yo otorize rabè sa yo. Rabè yo dwe byen defini, dokimante e konsistan avèk bon pratik biznis, lwa eta ak dederal yo ki deja egziste e an akò avèk oryantasyon ki, de tanzantan, otorite leta oswa federal yo ka soti.

Rabè yo pa pral baze sou nenpòt relasyon ke pasyan an oswa fanmi li ka genyen avèk nenpòt anplwaye lopital oswa manm pati k ap gouvène a.

Rabè yo pa pral pwolonje sou baz nenpòt konsiderasyon "koutwazi pwofesyonèl" pou yon klinisyen oswa fanmi li.

Yo pa pral ofri rabè yo bay pasyan pou pouse pasyan an pou resevwa sèvis yo oswa otreman pou li ka lye nan nenpòt fason ak pwodiksyon biznis yon pwogram swen sante federal la peye, ni yo p ap ka rachte rabè yo kòm lajan kach pou atik oswa sèvis yo bay nan lopital la, oswa nenpòt ki lòt antite Patners la (sa gen ladann rabè nan magazen kado, kafeterya, etc).

Règleman sou kredi ak rekouvremant lopital Partners HealCare 1ye Janvyè 2020

An jeneral, ko-peman, ko-asirans oswa dediktib yo p ap anile oswa jwenn rabè.

Rezon pou anile oswa bay rabè sou ko-peman, ko-asirans oswa dediktib:

- Demontre difikilte finansye jeneralman ki baze sou revni pasyan ki aplikab ak enfòmasyon sou byen yo
- Yon evènman grav ki dwe rapòte oswa lòt pwoblèm klinik ki lakòz tout vizit sejou a anile. Nenpòt ko-peman ak dediktib yo kolekte alavans evènman an (tankou prezans) ap ranbouse tou. (Pou plis detay, gade Règleman Non-Peman Partners yo pou Evènman Kalite ak Sekirite.)
- Nan kèk ka ki ra, Ofisye Finansye Antèt Lopital la, Vis Prezidan Operasyon Sik Revni yo oswa reprezantan respektif li (yo) ka otorize kèk eksepsyon.

Rezon pou etann lòt kalite rabè yo gen ladann:

- Pou ankouraje peman rapid,
- Pou rekonèt ka inik difikilte finansye yo,
- Pou minimize kou administratif rekouvremant yo,
- Aranjman pou to ka espesyal ki te negosye anvan yo bay sèvis la, ak
- Jan sa nesese pou antretyen bon jan relasyon ak pasyan, sa gen ladann men pa limite ak bagay tankou yon reta ki pa t prevwa nan sèvis la oswa lòt aktivite swen ki pa te bon jan kalite.

B. LÒT RABÈ, AJISTEMAN AK CHARITY CARE

Lopital la pral kenbe pwogram pou rabè pou pasyan yo ki pa gen asirans ak règleman èd finansye pou bay rabè anplis. Anjeneral, lopital la pral pase rabè sou Èd Finansye yo kòm Charity Care. Pwogram sa yo se Vis Prezidan Egzekitif pou Finans Partners ki pral apwouve yo, e yo ranpli jan yo bay sa nan Seksyon 2 a. Lopital la ka rekonèt tou kòm Charity Care balans sa yo ki pa ka kolekte nan men yon pasyan akòz pwoteksyon yo kont aksyon rekouvremant yo jan sa endike nan 101 CMR 13.08 (3) ak seksyon 9 B (3) nan règleman sa a. Balans pasyan ki kalifye dapre règleman Charity Care lopital la ka rapòte kòm dèt Medicare ki pa rekouvrab.

9. BÒDWO POU PASYAN AK REKOUVREMAN

A. APÈSI

Lopital la pral fè gwo efò pou kolekte tout frè yo ki dwe yo nan men konpayi asirans yo selon estanda endistri ki etabli yo epi yo pral chache aplike peman ak ajisteman kontra yo nan kont pasyan an nan yon tan ki apwopriye. Efò sa yo gen ladann voye bòdwo bay tout plan asirans ki disponib dapre kondisyon moun k ap peye yo epi fè suivi alè pou reklamasyon ki refize yo. Pasyan oswa lòt garan yo ap responsab pou tout balans kont ki rete apre aplikasyon tout peman asirans yo, ajisteman kontra, e ki te dakò sou rabè/ajisteman an akò avèk nenpòt konsèy sou vèsman ki te resevwa nan men moun ki peye a sof kote balans lan ka soumèt bay HSN oswa jije egzante de aksyon rekouvremant yo dapre règleman eta a. Aksyon rekouvremant yo ka gen ladann deklarasyon (relve) pasyan, lèt pasyan, kontak telefòn ak dènye avi rekouvremant ki sètifye yo.

Règleman sou kredi ak rekouvremant lopital Partners HealCare 1ye Janvyè 2020

B. DEKLARASYON PASYAN, LÈT AK APÈL YO

Lopital la, swa dirèkteman oswa atravè ajan deziyen li yo, pral prepare oswa poste deklarasyon yo bay pasyan yo sou yon baz regilye pou konseye yo sou balans yo dwe lopital la. Nan nivo sa posib la, pasyan an pral resevwa yon rezime tout frè yo, peman ak ajisteman yo ki nan bòdwo inisyèl la pou chak dat sèvis yo. An jeneral, pasyan yo dwe resevwa twa (3) oswa plis deklarasyon oswa lèt pandan yon sik bòdwo ki prevwa dire 120 jou depi ke lòt aksyon pa rive ki endike ke bòdwo adisyonèl yo pa konseye. Yon dosye tout aksyon ak komunikasyon kont yo, sa gen ladann bòdwo, an jeneral ki reflekte nan enskripsyon tranzaksyon sistèm bòdwo a ak/oswa kòmmanchè kont yo. Anplwaye yo oblije dokimante tout kontak ak pasyan an (oswa garan an) nan sistèm bòdwo aplikab la oswa sistèm rekouvremant kote pasyan gen pou li peye a.

- 1) Sispansyon bòdwo Nan kèk sitiyasyon, aktivite kontinyèl nan voye bòdwo ak fè rekouvremant ka pa apwopriye e yo ka fon sispansyon yo oswa pa kontinye. Sitiyasyon yo gen ladann, men pa limite ak: Move adrès (seksyon 7 anba a), ka fayit (seksyon F (1)), pasyan ki mouri, reklamasyon pasyan oswa pwoblèm sèvis kliyan, ti balans (seksyon 10 (B) (8)), oswa MassHealth oswa detèminasyon revni ki ba ki an atant.
- 2) Notifikasyon èd finansye ki disponib Deklarasyon pasyan yo pral gen ladann nenpòt avi règleman yo egzije pou enfòmasyon pasyan yo de disponibilite ak mwayen pou jwenn aksè ak èd finansye. Lang ak kontni avi sa yo pral rete konfòm ak règleman EOHHS ak IRS 501(r) aktyèl la. Avi yo ki konsène disponibilite èd finansye yo pral nan tout lòt komunikasyon alekri oswa vèbal ki ale jwenn pasyan an nan mezi sa posib.
- 3) Pasyan ki pwoteje kont aksyon rekouvremant yo Lopital la pral pran aksyon rezonab pou asire pa gen okenn aksyon rekouvremant, sa gen ladann apèl telefòn, deklarasyon oswa lèt, ki fèt pou pasyan sa yo ki gen balans ke règleman an ka egzante de aksyon rekouvremant yo, sa gen ladann pasyan ke yo detèmine ki se yon pasyan ki gen revni ba dapre biwo Medicaid la (sof pou pasyan ki gen revni ba pou sèvis dantè sèlman), oswa ki enskri nan MassHealth, Children's Medical Security Plan (CMSP) ak yon revni fanmi MAGI ki egal oswa pi piti pase 300% FPG a, Emergency Aid to the Elderly, Disabled, and Children (EAEDC) ak Health Safety Net (Total oswa pasyèl) sof dediktib ak ko-peman yo ke pwogram sa yo detèmine ke se responsabilite pasyan an ak ko-peman ki soti kay tyès pati k ap peye a sof Medicare. Si yo detèmine ke yon pasyan te enskri nan youn nan kategori sa yo, tout aksyon rekouvremant yo (sof ko-peman ki aplikab ak dediktib HSN yo) avèk pasyan an ap fèmen pou sèvis ki te fèt pandan peryòd kalifikasyon pasyan an. Aksyon rekouvremant yo ap sispansyon pou osi lontan ke pasyan an detèmine gen revni ba si balans lan soti nan yon peryòd lè pasyan an pa te enskri nan yon pwogram kalifye. Lopital la ka kontinye voye lèt yo mande enfòmasyon oswa aksyon pou pasyan an pran pou rezoud kouvèti asirans ak/oswa pwoblèm kalifikasyon yo avèk antite prensipal k ap peye a, Pwogram Konpansasyon Travayè a oswa pou jwenn nenpòt enfòmasyon nan men tyès pati responsab la oswa konpayi asirans MVA a.
- 4) Dènye avi rekouvremant Lopital la pral fè tout efò pou voye bay chak pasyan yon dènye avi rekouvremant anvan kont pasyan sa anile kòm dèt ki pa rekouvrab. Nan pifò ka yo, dènye avi rekouvremant an pral gen ladann deklarasyon garan an.

Règleman sou kredi ak rekouvremant lopital Partners HealCare 1ye Janvyè 2020

- 5) Dèt ki pa rekouvrab pou swen ijan Pou ka sa yo kote lopital la konsidere yon kont pou aplikasyon HSN kòm dèt ki pa rekouvrab pou swen ijan, lopital la ap asire li kondisyon annapre sa yo satisfè:
 - (a) Kont lan te sijè a aksyon koleksyon kontinyèl pou yon minimòm 120 jou.
 - (b) Yon ankèt kalifikasyon pou MMIS pou fè seleksyon pou kouvèti asirans.
 - (c) Sèvis yo bay yo kalifye kòm Ijan oswa Presan dapre definisyon yo nan règleman sa a.
 - (d) Yon dènye avi rekouvremant te voye pa lapòs sètifye pou balans \$ 1,000 oswa plis. Kont yo ki byen dokimante kòm kont move adrès ka soumèt bay HSN la san yo pa voye yon avi pou rekouvremant final atravè lapòs sètifye depi 120 jou te pase nan bòdwo inisyal la e ke apre yon efò rezonab, lopital la pa t kapab jwenn yon adrès ki ajou. Gen tantativ rezonab ki pral fèt pou avize rezidan Massachusetts yo ke Health Safety Net ka bay detay sou nenpòt reklamasyon ki soumèt bay HSN pou anplwayè pasyan an.
- 6) Apèl rekouvremant ak lèt yo Lopital la pral fè efò rezonab pou kolekte tou balans pou lopital la ki pa peye. Efò pou rekouvremant ki fèt la pral varye selon yon kantite faktè, sa gen ladann, men pa limite a, balans kont yo ak istorik rekouvremant pasyan an te gen anvan. Efò rekouvremant adisyonèl yo ka gen ladan apèl pasyan, ak lèt pou konplete pwosesis woutin deklarasyon pasyan jan sa dekri nan seksyon 10 B. Nan nivo posib la, apèl sa yo ak lèt yo ap gen ladann rapèl konsènan disponiblite èd finansye.
- 7) Sa ki tounen poutèt move adrès Lopital la pral fè efò rezonab pou suiv ak reponn tout deklarasyon pasyan ke USPS tounen akòz yo pa t ka livre. Kote sa posib, kont yo pral idantifye kòm "Kont move adrès" nan sistèm bòdwo a epi enfòmasyon adrès la pral verifye e korije nan itilize pwogram "skip trace" ke tyès pati yo ka gen disponib. An jeneral, yon fwa yon kont te make kòm move adrès, pa gen lòt deklarasyon oswa lèt ki pral trete amwenske gen yon nouvo adrès ki te vin idantifye. Kontinye voye deklarasyon nan adrès ki pa kòrèk pa apwopriye fiskalman e ka lakòz yon vyolasyon vi prive HIPAA. Kont move adrès yo pral make nan sistèm enskripsyon an pou alète nenpòt anplwaye ki enplike nan pwosesis enskripsyon an pou jwenn yon nouvo adrès nan men pasyan an. Kont ki gen dènye enfòmasyon demografik yo ki gen yon move adrès ka refere bay ajans ekstèn kòm dèt ki pa rekouvrab pou plis suivi sof ke evantyèl kont ki gen dèt ki pa rekouvrab pou swen ijan yo pral jwenn suivi pou 120 jou anvan plasman.
- 8) Ajisteman ti balans yo Rekonèt pri tretman deklarasyon ak aktivite rekouvremant yo, lopital la ka elimine deklarasyon sou kont anba limit "ti bòdwo dola" li. Menm jan an tou, apre yo fin voye bòdwo, lopital la ka limite aktivite rekouvremant ak rechèch sou ti balans yo ak ajiste kont yo anba limit "ti balans anile" li. Nan okenn ka, ajisteman ti balans yo ki fèt nan seksyon sa a dwe voye ale kòm bòdwo bay HSN. Tablo tipik limit ti balans ki aplike pou kont garan ki mwens pase \$10.00.

C. AVI POU SICHAJ

Lopital la pral kenbe yon pwosesis pou idantifye tout balans pasyan yo ki sijè a sichaj Health Safety Net Trust jan sa espesifye nan 101 CMR 614. Yo pral chaje montan sichaj yo bay pasyan an e lajan ki kolekte yo pral jwenn HSN dapre kalandriye ki te egzije a.

Règleman sou kredi ak rekouvremant lopital Partners HealCare 1ye Janvyè 2020

D. ARANJMAN PEMAN

- 1) An jeneral. Peman yo ka fèt nan plizyè anviwònman nan tout lopital Partners yo. Aranjman pou peman ki ranvwaye, plan peman oswa peman pasyèl depo yo, se sèlman Hospital Admitting Services oswa PHS Solutions Billing Solutions ki fè yo. Tout aranjman peman yo pral konfòme ak kritè pre-detèmine yo epi yo dwe anrejistre kòm sadwa nan bòdwo ak sistèm enskripsyon lopital la.
- 2) Fòm peman
 - (a) Pre-peman yo ka fèt pa mwayen chèk sètifye/bank, viman oswa kat kredi/debi. Nan pifò lokal lopital yo, yo pa aksepte lajan kach. Chèk pèsònèl nan bank ameriken yo ap asepte pou balans mwens pase \$5,000 sòf si gen yon istwa nan chèk ki manke pou lajan ensifizan. Yo ka mande chèk pèsònèl yo byen alavans yon sèvis ki pwograme pou pèmèt gen tan pou verifye chèk la. Pasyan ki gen yon istwa dèt ki pa rekouvra ka gen revizyon ki fèt pou yo sou baz endividyèl pou detèmine mòd peman ki apwopriye a.
 - (b) Bwat postal bank. Peman atravè chèk pèsònèl ka fèt bay bwat postal bank lopital la. Peman pa kat kredi yo pa aksepte pa mwayen lapòs.
 - (c) Bòdwo ak peman elektwonik Partners. Anpil lokal bay aksè elektwonik pou bòdwo ak peman bòdwo sa yo elektwonikman nan itilize kat kredi/debi oswa yon viman bankè ACH.
 - (d) Yo aksepte peman nan rele sant dapèl PHS Patient Billing Solutions oswa lòt sant sèvis kliyan ki deziyen yo.
 - (e) Lopital la pral kenbe yon pwosesis pou swiv 'move' chèk ak anile nenpòt peman ki te aplike nan kont pasyan an. Soumisyon yon 'move' chèk ka echwe piske kont la aplike kòm dèt ki pa rekouvra.
- 3) Monnen. Amwenske sa te antann yon lòt jan, peman an ap fèt an dola ameriken. Peman ki fèt nan monnen ki pa dola ameriken ap aplike nan to konvèsyon bank lopital la presize a, mwens nenpòt frè pou konvèsyon an.
- 4) Plan peman yo. Plan peman yo disponib pou tout pasyan yo sou demann depi kont yo ajou. Akseptasyon final yon plan peman sijè a revizyon konplè estati pasyan an ak istorik peman an. PHS Patient Billing Solutions pral trete ak kontwòl tout plan peman pasyan an. Plan yo an jeneral kouvri balans ki louvri yo nan lopital Partners yo ki enskri nan Partners eCare. Nenpòt lè li posib, plan peman yo pral kowòdone atravè tout antite yo.
 - (a) Plan peman pou dediktib pasyèl HSN yo ak Medical Hardship:
 - (i) Yon premye peman ki pi piti pase \$500 oswa 20% balans dediktib la ka egzije, enkli tout depo ki aksepte anvan yo bay sèvis la nan ka ki pa presan/ki pa ijan.
 - (ii) Yon sèl ane plan peman pral ofri sou balans \$1,000 oswa ki mwens epi jiska de ane sou tout lòt balans yo. Yo pral ofri pasyan sa yo yon montan peman mansyèl \$25 pou plan sa yo.
 - (b) Plan peman pou tout pasyan yo
 - (i) Maksimòm yon ane pou balans \$1,000 oswa mwens

Règleman sou kredi ak rekouvremant lopital Partners HealCare 1ye Janvyè 2020

- (ii) Maksimòm de ane pou balans ki plis pase \$1,000.
- (iii) Plan peman ki pi long yo ka bay nan sikonstans eksepsyonèl avèk apwobasyon administrasyon prensipal la.
- (iv) Pa gen okenn plan ki pral ofri avèk yon peman mansyèl ki mwens pase \$25
- (c) Pa gen okenn enterè ki pral chaje sou balans kote yon pasyan te dakò ak yon plan peman epi pasyan an ajou avèk peman yo.
- (d) Plan yo dwe revize sou yon baz regilye pou asire ke tout peman yo ajou. Si yon pasyan rate de peman youn apre lòt, lopital la ka mete kont lan kòm dèt ki pa rekouvreb. Move. Lè pasyan an enfòmè sikonstans finansye li chanje, lopital la ka evalye ankò peman pasyan an ki poko fèt yo.

E. FAKTIRASYON NAN SITIYASYON ESPESYAL

- 1) Pasyan an fè fayit. Lopital la pral fè efò rezonab pou suiv avi fayit yo e kenbe yo nan dosye pou asire tout pwosedi tribinal apwouve yo jwenn suivi, sa gen ladann pote reklamasyon bay tribinal la jan sa nesesè oswa elimine dèt.
- 2) Pasyan ki mouri. Lè sa nesesè e gen avantaj pou depans la, lopital la pral reyalize rechèch sou pwopriyete, bòdwo pwopriyete e mennen poze sele kont pwopriyete a.
- 3) Aksidan machin a motè (MVA) ak responsabilite tyès pati (MA): Gen efò rezonab ki pral fèt pou voye bòdwo bay konpayi MVA/TPL pou kolekte nenpòt montan Pwoteksyon pou Blesi Pèsonèl (PIP) ki disponib. Reklamasyon asirans yo pral trete apre PIP a fini. Lopital la ka depoze tou yon poze sele kont peman pou aksidan nan kò alavni ki fèt pa konpayi asirans MVA a pou pasyan an si nou kapab etabli non avoka pasyan an k ap jere reklamasyon an. Reklamasyon yo pa pral soumèt bay HSN jiskaske yo fin fè gwo efò pou kolekte balans ki soti nan lòt pati ki fini yo. Nan nivo sa posib, pasyan yo pral jwenn rapèl ke yo gen yon devwa pou rapòte nenpòt reklamasyon potansyèl TPL nan 10 jou ouvèti yon reklamasyon bay biwo Medicaid oswa HSN. Nenpòt rekouvremant ki te fèt apre yo fin soumèt yon reklamasyon bay HSN pral konpanse kont reklamasyon orijinal la epi rapòte bay HSN enklizif pou anilasyon oswa retou obligatwa yo.
- 4) Aksidan machin a motè (MVA) ak responsabilite tyès pati (HN): Pasyan ki gen kouvèti asirans sante ka chwazi mande lopital la faktire asirans sante yo a. Balans yo faktire pasyan an pap gen okenn rabè woutin ni ajisteman.
- 5) Konpansasyon travayè: Yon reklamasyon WCA jeneralman etabli an antye avèk konpayi WCA a si kouvèti asirans la valab. Lopital la pral fè tantativ rezonab pou pouswiv kouvèti asirans WCA a, tankou depoze reklamasyon legal yo. Si pa gen okenn kouvèti asirans WCA, lè sa a reklamasyon an ap jere yon fason tipik.
- 6) Asirans segondè HSN: Lopital la pral fè gwo efò pou limite soumisyon reklamasyon yo bay HSN kòm yon konpayi asirans segondè pou balans sa yo ki jije se HSN ki kouvri yo, tankou dediktib, ko-asirans ak sèvis ki pa kouvri, tankou ka sa yo kote yon pasyan te fin itilize benefis li yo oswa kote enskripsyon avèk moun ki peye a pa te aktif nan moman sèvis yo te

Règleman sou kredi ak rekouvremant lopital Partners HealCare 1ye Janvyè 2020

bay la. Reklamasyon pou sèvis yo refize poutèt yon fay teknik avèk reklamasyon an oswa lòt refi teknik jan sa dekri nan 101 CMR 613.03 (1) (c) pa pral soumèt bay HSN. Si Lopital la resevwa yon peman anplis oswa korije sou yon reklamasyon ki te deja soumèt bay HSN, lè sa yo pral soumèt yon reklamasyon korije bay HSN.

- 7) Dediktib HSN pasyèl: Lopital la pral voye bòdwo bay pasyan yo pou 100% dediktib anyèl pasyèl HSN yo a jiskaske frè yo ki egal a dediktib anyèl la te gen bòdwo ki ale bay pasyan an, enkli tout balans ki fè pati plan peman yo. Reklamasyon yo pa pral soumèt bay HSN jiskaske dediktib la te satisfè. Sa gen ladann tout sant satelit yo ak sant sante lopital yo ki opere kòm yon pati nan lisans lopital la.
- 8) Viktim krim vyolan: Lopital pral ede pasyan an nan depoze reklamasyon yo avèk Avoka Viktim Jeneral MA pou Pwogram Krim Vyolan. Nan pifò ka yo, voye bòdwo bay pasyan an pral fon sispans pandan reklamasyon VVC a an atant. Peman sa yo an jeneral konsidere kòm peman total ki pa gen montan rezidyèl ki ale jwenn pasyan an kòm bòdwo.

10. PLASMAN DÈT KI PA REKOUVRAB

Yon fwa efò rekouvremant entèn yo te fin itilize, kont yo ka elimine kòm dèt ki pa rekouvrab. Sa a ap fèt nòmalman apre kont lan te fini sik bòdwo 120 jou li yo ak kèk eksepsyon akòz move adrès oswa lòt sikonstans ki redui. Kont nan dèt ki pa rekouvrab yo pral an jeneral jwenn efò rekouvremant anplis atravè yon kantite sous ki gen ladann anplwaye entèn yo, ajans rekouvremant ekstèn oswa avoka rekouvremant yo. Lopital la pral asire ke tout swivi dèt ki pa rekouvrab yo, swa se anplwaye entèn oswa yon ajans ekstèn ki fè suivi yo, respekte sa ki annapre yo:

A. RAPÒ SOU KREDI

An jeneral, pandan ke lopital la pa tipikman rapòte dèt pasyan an ki pa rekouvrab la bay okenn biwo kredi, règleman sa a pa gen entansyon pou limite lopital la nan pran aksyon sa a nan ka espesifik oswa limite lopital la nan fè sa alavni. Lopital la ak ajan li yo ka, sepandan, itilize sèvis yon biwo kredi pou idantifye evalyasyon kredi yon pasyan ki gen nan lide pou detèmine kapasite pasyan an pou reponn ak obligasyon finansye li yo.

B. LITIJ

Lopital la ak ajan li yo ka pousuiv litij kont yon pasyan pou sekirize yon jijman tribinal, pou dèt li dwe nan lopital la. Nan okenn ka, pa dwe gen yon asiyasyon pou konparèt (ke yo konnen kòm yon "body attachment" nan laprès popilè) ki dwe itilize kòm yon pati nan yon efò pou fè rekouvremant.

C. POZE SELE

Lopital la ka sèlman pousuiv asiyasyon an, egzekisyon ak vant byen nan kad revizyon ak apwobasyon CFO lopital la. Anplis, pou tout ka ki enplike yon pasyan biwo Medicaid deziyen kòm revni ba oswa ki kalifye pou nenpòt pwogram èd, lopital la pa pral chèche egzekisyon legal kont rezidans pèsonèl yon pasyan oswa garan san apwobasyon espesifik administratè konsèy lopital la.

D. AJANS REKOUVREMANT

Nenpòt ajans k ap chèche rekouvre balans pasyan nan non lopital la pral oblije konfòme ak règleman rekouvremant ak kredi sa a. Nenpòt plent aktyèl pasyan yo genyen pral rapòte bay lopital

Règleman sou kredi ak rekouvremant lopital Partners HealCare 1ye Janvyè 2020

la pou revizyon ak suivi. Tout ajan yo pral konfòme yo totalman avèk règleman Rekouvremant Dèt Ekitab Federal la ansanm ak règleman rekouvremant dèt Pwokirè Jeneral Massachusetts la ka detèmine. Tout ajans yo pral rapòte nenpòt rekouvremant oswa lòt aksyon sou kont, sa gen ladann desizyon pou sispann efò rekouvremant yo nan yon tan apwopriye. An jeneral, ajans yo pral sispann efò rekouvremant yo nan nenpòt kont ki plase ak yo pou yon ane ki pa te gen okenn aksyon, peman oswa nenpòt potansyèl aktyèl pou peman.

11. BALANS KREDI AK RABOUSMAN

An jeneral, lopital la ap ranbouse pasyan yo nenpòt balans kredi, sa ki ka lakòz gen lajan depase ki te kolekte nan men pasyan an. Nan ka kote efò yo pou ranbouse yon balans kredi pasyan/garan pa reyisi, lopital la pral remèt balans kredi a bay Trezorye Commonwealth of Massachusetts an akò ak règleman sou pwopriyete abandone nan eta a.

12. EVÈNMAN GRAV KI KA RAPÒTE (SRE)

Lopital la kenbe konfòmite avèk egzijans bòdwo ki aplikab yo, tankou règleman Depatman Sante Piblik (105 CMR 130.332) pou sèvis espesifik ki pa peye oswa re-admisyon ke lopital la detèmine se rezilta yon Evènman Serye ki ka Rapòte (SRE). SRE ki pa fèt nan lopital la yo eskli nan detèminasyon peman sa ki pa fèt la. Lopital la pa chèche peman tou nan men yon pasyan ki gen revni ki ba yo detèmine ki kalifye pou pwogram Health Safety Net la ki gen reklamasyon yon pwogram asirans te refize nan kòmansman akòz yon erè administratif nan bòdwo lopital la te fè. Lopital la tou kenbe tout enfòmasyon an akò avèk lwa sou vi prive federal ak eta a, sou sekirite ak vòl idantifikasyon ki aplikab.

13. DWA AK RESPONSABILITE PASYAN

A. RESPONSABILITE PASYAN

Se obligasyon pasyan an pou:

- Bay asirans konplè ak enfòmasyon demografik alè, epi enfòme lopital la, ak eta a si pasyan an nan yon pwogram eta a, de nenpòt ki chanjman nan sitiyasyon yo tankou, men ki pa limite ak, chanjman nan estati revni oswa asirans,
- Pou rezidan Massachusetts, aplike pou epi kenbe kouvèti asirans nan nenpòt pwogram gouvènman finansè ke yo ka kalifye, tankou soumèt tout dokiman ki obligatwa nan tan yo mande yo. Tout pasyan dwe jwenn epi kenbe kouvèti asirans si gen kouvèti abòdab disponib pou yo. Notifye lopital la de nenpòt asirans pou aksidan machin a motè, kouvèti asirans tyès pati responsab oswa kouvèti konpansasyon travayè yo. Pou pasyan ki gen yon pwogram eta a ki kouvri yo, depoze yon reklamasyon pou konpansasyon, si sa disponib, ki gen rapò ak nenpòt aksidan, blesi oswa pèt epi avize pwogram eta a (egzanp biwo Medicaid ak Health Safety Net) nan dis jou apati dat enfòmasyon ki gen rapò ak nenpòt ki pwosè oswa reklamasyon asirans ki pral kouvri depans pou sèvis lopital la te bay yo. Yon pasyan anplis de sa oblije bay dwa pou yon peman tyès pati ki pral kouvri depans sèvis yo ke biwo Medicaid oswa Health Safety Net nan Massachusetts peye.

Règleman sou kredi ak rekouvremant lopital Partners HealCare 1ye Janvyè 2020

- Fè efò rezonab pou konprann limit kouvèti asirans yo tankou restriksyon nan rezo a, limit kouvèti sèvis ak responsabilite finansye akòz kouvèti asirans limite, ko-peman, ko-asirans ak dediktib.
- An konfòmite ak referans asirans, pre-otorizasyon ak lòt règleman jesyon medikal.
- An konfòmite ak lòt egzijans asirans yo, ki gen ladann achèvmant kowòdinasyon fòm benefis yo, mete ajou enfòmasyon manm yo, mete ajou enfòmasyon doktè yo ak lòt egzijans moun ki peye a,
- Peye montan ko-peman, dediktib ak ko-asirans yo nan yon lè apwopriye.
- Bay mizajou alè pou demografik, asirans ak kalifikasyon HSN ak done dediktib anyèl yo.

B. RÈGLEMAN POU NON DISKRIMINASYON

Lopital la pa pral fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, kote w soti, sitwayènte, etranje, relijyon, kwayans, sèks, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, laj oswa enfimite, nan règleman li yo, oswa nan aplikasyon règleman li yo, konsènan akizisyon ak verifikasyon enfòmasyon finansye, depò pou admisyon alavans oswa treatment alavans, plan peman, admisyon ranvwaye oswa rejte, oswa kalifikasyon pou Health Safety Net.

14. RAPÒ, KONTWÒL ENTÈN AK KONFÒMITE AVÈK RÈGLEMAN YO

Lopital la pral konfòme li avèk tout egzijans rapò yo jan sa defini nan MGL c. 118G e ki gen rapò 101 CMR 613, 614 ak bilten administratif ki asosye yo.

Lopital la pral kenbe dosye kontwòl entèn yo nan aktivite ki fèt an konfòmite avèk kritè ak egzijans 101 CMR 613 ak 101 CMR 614.

Lopital la ranpli dosye Règleman sou Kredi ak Rekouvremant sa a elektwonikman avèk biwo Medicaid, Health Safety Net jan yo egzije sa lè yo chanje règleman an oswa lè gen chanjman reglemantè biwo Medicaid, Health Safety Net pibliye, sa ki egzije soumèt yon nouvo règleman.

LÒT RÈGLEMAN PARTNERS HEALTHCARE KI APLIKAB:

Règleman Èd Finansye Partners

Règleman Rabè pou Pasyan Partners ki Pa Gen Asirans

REFERANS:

Règleman MA 101 CMR 613, 614 and MGL c. 118G.

IRS 501 (r) c